



ParentLink se yon sistèm de message ki pèmèt nou kominike avèk ou konsènan devwa pitit ou a, orè, nòt, prezans li, balans manje, ak evènman espesyal kap pase nan lekòl la. Anplis de sa, nan ka ijans, ParentLink se li ki rapid, se fason ki pi serye ke lekòl pitit ou oswa Distri a ka voye enfòmasyon dirèkteman bay ou.

Sistèm ParentLink itilize enfòmasyon kontak fanmi ou ke pitit ou te bay lekòl la. Li enpòtan pou kominike avèk lekòl pitit ou regilyèman pou asire ke yo gen nimewo telefòn egzat ak adrès imèl nan dosye yo. Si ou gen anpil elèv ki enskri nan sistèm lekòl nou, tanpri kominike avèk chak lekòl de tan zan tan. Paran ak Gadyen ka ale nan paj wèb nou nan ParentLink nenpòt ki lè pou tcheke klas pitit yo, prezans, ak balans mange.

---

**Adrès paj entènèt la se:**

<http://parentlink.leeschools.net/>

Fòm a pou koneksyon se jan sa a:

- ❖ Tinon (ki rele User Name) se ID Elèv ki pi gran nan Distri Lekòl la, kap viv nan kay elèv la, swivi pa premye ak dènye initial paran an. Nan kay elèv la gen ladan tout elèv kap viv nan menm adrès ki gin menm nimewo telefòn.
- ❖ Mopas (ki rele password) la se dat nesans elèv ki gen ID ki te itilize pou Tinon(User Name) nan fòm MMDDYY. (mwa-jou-ane)

Pou egzanp:

- ❖ Si ID Elèv ki pi gran nan kay Jane Doe se 12345678, Tinon (User Name) Jane Doe ta dwe 12345678JD.
- ❖ Si Dat nesans pitit ki pi gran nan kay Jane Doe se, 1 janvyè 1965, modpas Jane Doe ta dwe 010165.



Anplis de sa, gen yon app pou ParentLink ki disponib pou telefòn ou. Ale sou GooglePlay (pou telefòn ki gin android) oswa App Store (pou aparèy Apple) pou resevwa aplikasyon a. App sa pral pèmèt ou resevwa mesaj an tan reyèl ki sòti dirèkteman nan lekòl pitit ou oswa distrik-la.

Espesyalis Teknoloji nan lekòl pitit ou kapab reponn nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan kijan pou antre nan sit entènèt ki rele Virtual Counselor ParentLink.

Distri a enterese kontinye kolabore ak ou, menm jan nou asire ke pitit ou ap reyalize / pi gran potansyèl li oswa pèsònèl nan sistèm lekòl nou an.